# Дешархошца къамел

## "Бераша, кегийрхой а доьзалан ламастан мехаллаш ларйан синхаамехь кхетош – кхиор "



*6-г1а класс*

*Хьехархо: Делимханова А.А.*

**Урокан ц1е:** *"Бераш, а, кегийрхой а доьзалан ламастан мехаллаш ларйан синхаамехь кхетош – кхиор "*

**1алашо:** *1. Дешархойн Дайноьзда г1иллакххех болу кхетамшорбар.*

*2.Хьрам-хьанал рицкъа къасто 1амор.*

*3.Нохчийн къоман г1иллакх-оьздангаллин коьрта мехаллаш йовзийтар,*

**Чулацам бовзийтар.**

Хьехархочун дош:

Де дика хуьлда шун, бераш.

Тахана вайн цхьанакхетарехь вай дуьйцур ду вайн къоман ламасташ, г1иллакхаш. Цхьа болчарна хууш хир дац и ламаст боху дош, цуьнан маь1на а.

**Ламаст бохург – традиции**, **обычаи бохург ду, муьлххачу а къоман**. Кхи долчу къаьмнийн санна, вай къоман ду вайн 1адаташца доьзна ламасташ. Вайн дахарехь вайна йуххехь лелаш ду уьш. Цхьаболчара атта лела до уьш, башха шайна ницкъ ца беш. Т1аккха доьзал ца хуьлу уьш лело, лардан хууш йа лууш а. Муьллха а ламаст лело хаа деза, цуьнан маь1на ца хиъча иза лелор пайдехь ца хуьлу. Доьзалехь къаной болчахь ламасташ лардар, леладар, церан дозалла хаар алсам хуьлу, пайдехь хуьлу. Амма кертара къаноша хьехар дичи цхьа болу дай-наной реза ца хуьлуш меттигаш хуьлу, туьллур дар-кх и йовлакх, жима йу йо1 х1инца а, и баккхийчера г1иллакхаш-х1уманаш хаа кегий бар-кх уьш бохуш, бехказлонаш лоьху цхьаболчара.

**- Шуна х1ун аьлла хета, бераш? Кегий дуй шу г1иллакхаш, ламасташ довза?**

Хьовсал х1ара сара бу, х1ара г1аж йу. Вай масала, тускар йа керт йуца йезаш йу.. х1окху серах йалур йу вайна уьш йа х1окху г1ожах?

(Берийн жоьпаш)

**- Ткъа вайн къоман муьлха г1иллакхаш, ламасташ девза шуна, бераш?**

1. Да – нана ларар.

2. Бакхийчера лерам бар.
3. Адамехь эхь-бехк хилар.
4. Моссо адамашци а, 1аламци къинхетаме хилар.
5. Комаьрша хилар.
6. Воккханиг вог1уш цунна некъ битар.
7. Воккханиг вог1уш хьалаг1аттар.
8. Хьаша-да ларар.
9. Лулохошца дика хилар.
10. Доьзалехь барт безам хилар.
11. Духар, лелар оьзда хилар.

Дукхадаха шу. Шуна-м дуккха г1иллакхаш, ламасташ девзаш хилла.

**- Ткъа шун доьзалехь муьлха г1иллакхаш, ламасташ лору, леладо?**

(Берийн жоьпаш)

1. *Оха хьеший бог1уш мерза йуу х1уманаш йо. Чохь ц1ена г1уллакх до.*
2. *Оха п1ерскан буса лулахошна саг1ийна ч1епалг йа цхьацца х1ума ло.*
3. *Тхан доьзалехь баккхийнаш лору, воккхачо къамел деш йукъа ца лелха.*
4. *Тхоьга мамас дада, баба охьахаъалц йаах1ума ца йоуьйта. Доьзал цхьанна шуьнехь гулбалар барт хилар ду олу цо.*
5. *Тхан дас тхан денда чохь волуш йа нахана йукъахь тхо хьаста ца хьосту, и воцучехь ч1ог1а к1еда- мерза хуьлу и тхоьца.*

Вай дагардина ламасташ довзар дика ду. Амма уьш довзар дац коьртаниг. Коьртаниг ду уьш девзаш хиларе терра доьзалехь, арахь лело хаар. Муьлххачу къоман йукъараллехь стаг хазвеш долу ламасташ **т1аккха** хуьлу царах.

**- Бераш, къаьсттина стагехь мехала лоруш йерг х1ун йу те? И ца хилча кхин дисина г1иллакхаш, ламасташ цу стаге лелалур доцуш?**

(Берийн жоьпаш)

*Къаьсттина мехала лоруш йерг стеган* ***догц1еналла*** *йу. Х1унда аьлча, мел дика довзарх а, догц1ена воцучу стагана кхочуш далур дац вайн ламасташ. Цхьана воккхачу стагана а дайна, дог боьхачу стагехь товш а ца хуьлу йа г1иллакх йа оьздангалла. И моттарг1а йолу дела аьлла цо иза. Вай дийцина ламасташ дерриге бохург санна вайн динца дог1уш ду. Иза вайх Дала бина къинхетам бу.*

**- Вайна йукъахь т1аьхьарчу хенахь ч1ог1а даьржина цхьа алар ду-кх «сайца хиларе терра д1а хир ву» бохуш. Шуна х1ун аьлла хета?**

(Берийн жоьпаш)

*- И нийса дац. Цунна масала ду Юсуп Пайхамар. Цо ша шен вежарша г1у чу коьссина воллушехь, хьаг1 ца лецира шен вежаршца. Къинт1ера ваьллера и царна.*

- Ма ша Аллах1, ма хаза масала ду и.

<u>Х1инца кхин цхьа дийцар далор ду ас шуна.</u>

Цхьа ши лулахо хилла 1аш. Цхьана лулахочо вукхунна кет1а ведар дуьллуш хилла чохь нехаш, диларш йолуш. Ткъа х1окхо и нехаш д1акхуьйсий, ведар йила йуьлий, цу чу шен бешара угар хаз-хаза 1ежаш бохкий йуззий йуха вукхунна кет1а йуьллуш хилла и ведар. Масийтозза дина цаьршимма и г1уллакх – цхьамма диларш йохкуш, ткъа вукхо ведар йассайой, йила йуьлий 1ежаш дохкуш. Т1аккха цеваьллачу вуочу лулахочо хаьттина вукхуьнга, ахь и х1ума х1унда до аьлла.

**- Бераш, алийша, муха жоп дела те цо лулахочунна? Ша и х1ума х1унда до аьлла те цо.**

Аш массара синк1оме жоьпаш дели, баркалла шуна.

Лулахочо иштта жоп дела: ***«Х1ораммо шен дерриг ло-кх кхечунна..»***

***- Х1ора а лулахочуьнгахь х1ун амалш билгайоьвли вайна?***

<u>Бераш, х1инца вай цхьа сурт х1оттор ду. (Мукъам болало, пауза 30 сек.)</u>

К1антана хезира шен нанас лулахошкара туьха доьхуш, т1аккха цо элира нене:

*- Нана, ахь цаьргара туьха х1унда дийхи, вайгахь туьха долуш ма ду?*

Нанас жоп делира.

*- Хьажал к1ант, цара вайгара а хийла х1ума йоьху, шаьш таро йоцуш хиларна, т1аккха суна лиир-кх цаьргара цхьаъ йеха, царна моттийтархьама вайна а цаьргара наггахь цхьацца х1ума оьшу, т1аккха царна йуха вайгара йеха атта хилийта, ийза а ца луш.*

Ма хаза масала ду, ма хаза маь1на долуш а г1иллакх хета суна цо лулахошца лелийнарг.

**- Шуна муха хийти х1оттийна сурт?**

Вайн жайнахь аьлла ду боху, барт хоттучу малийкаша, ламаз-марха хьаьттинчул т1аьхьа, лулахошца муха вара хьо аьлла.

Ламастийн мехаллаш т1екхуьучаьрна йовзийта, кхочушъян хьалха пхьоьханахь 1амош хилла. Х1ора юьртахь а хилла пхьоьха. Мокъачу хенахь кегий нах, бераш юьртан къаношка ладог1а пхьоьхана гуллуш хилла. Пхьоьха йоххалц охьа а ца ховшуш, духехь шай-шайн меттиг а хилла церан д1ах1уьттуш. Тахана халахеташ делахь а пхьоьха яц. Делахь а школашкахь, республикан телевиденехула, яздархойн произведенешкахь,

зорбанан а, интернетан г1ирсашкахь довза луучунна, вайн ламастех лаьцна довза х1ума шортта долуш ду. Царех пайдаэца ца хууш цхьа а вац вайх.

Т1аьххара вайн къамел дерзош х1окху сайн урчакххах лаьцна эр дара ас. Х1ара сан ден дененан хилла йу. Ларйеш х1окху дийне схьайеана ас х1ара. Ас лайинарг йеккъа х1ара урчакх йац шуна, бераш, х1ара-м цхьа дечиг бен йац. Х1окху урчакхци ас лардинарг сан ден дененас сайна делла г1иллакхаш, тхан доьзалан ламасташ ду. Иштта аша а шайн къаношкара схьаэца вайн г1иллакхаш, ламасташ. Ларде уьш. Йух шайн т1аьхьене д1адала.

Ткъа вайн къоман муьлха г1иллакхаш, ламасташ девза шуна, бераш?

**1. Да – нана ларар.**

Ткъа вайн къоман муьлха г1иллакхаш, ламасташ девза шуна, бераш?

**2. Бакхийчера лерам бар.**

Ткъа вайн къоман муьлха г1иллакхаш, ламасташ девза шуна, бераш?

**3. Адамехь эхь-бехк хилар.**

Ткъа вайн къоман муьлха г1иллакхаш, ламасташ девза шуна, бераш?

**4. Моссо адамашци а, 1аламци къинхетаме хилар.**

Ткъа вайн къоман муьлха г1иллакхаш, ламасташ девза шуна, бераш?

**5. Комаьрша хилар. Тешаме хилар**

Ткъа вайн къоман муьлха г1иллакхаш, ламасташ девза шуна, бераш?

**6. Воккханиг вог1уш цунна некъ битар.**

Ткъа вайн къоман муьлха г1иллакхаш, ламасташ девза шуна, бераш?

**7. Воккханиг вог1уш хьалаг1аттар.**

Ткъа вайн къоман муьлха г1иллакхаш, ламасташ девза шуна, бераш?

**8. Хьаша-да ларар. Лулохошца дика хилар.**

Ткъа вайн къоман муьлха г1иллакхаш, ламасташ девза шуна, бераш?

**9. Догц1ена хилар**

Ткъа вайн къоман муьлха г1иллакхаш, ламасташ девза шуна, бераш?

**10. Доьзалехь барт безам хилар.**

Ткъа вайн къоман муьлха г1иллакхаш, ламасташ девза шуна, бераш?

**11. Духар, лелар оьзда хилар.**

- Ткъа шун доьзалехь муьлха г1иллакхаш, ламасташ лору, леладо?

**Оха хьеший бог1уш мерза йуу х1уманаш йо. Чохь ц1ена г1уллакх до.**

- Ткъа шун доьзалехь муьлха г1иллакхаш, ламасташ лору, леладо?

**Оха п1ерскан буса лулахошна саг1ийна ч1епалг йа цхьацца х1ума ло.**

- Ткъа шун доьзалехь муьлха г1иллакхаш, ламасташ лору, леладо?

**Тхан доьзалехь баккхийнаш лору, воккхачо къамел деш йукъа ца лелха.**

- Ткъа шун доьзалехь муьлха г1иллакхаш, ламасташ лору, леладо?

**Тхоьга мамас дада, баба охьахаъалц йаах1ума ца йоуьйта. Доьзал цхьанна шуьнехь гулбалар барт хилар ду олу цо.**

- Ткъа шун доьзалехь муьлха г1иллакхаш, ламасташ лору, леладо?

**Тхан дас тхан денда чохь волуш йа нахана йукъахь тхо хьаста ца хьосту, и воцучехь ч1ог1а к1еда- мерза хуьлу и тхоьца.**

Сценки авторан дешнаш

**К1антана хезира шен нанас лулахошкара туьха доьхуш, т1аккха цо элира нене:**

**- Нана, ахь цаьргара туьха х1унда дийхи, вайгахь туьха долуш ма ду?**

«сайца хиларе терра д1а хир ву» бохуш. Шуна х1ун аьлла хета?

***- И нийса ца хета суна. Цунна масала ду Юсуп Пайхамар. Цо ша шен вежарша г1у чу коьссина воллушехь, хьаг1 ца лецира шен вежаршца. Къинт1ера ваьллера и царна.***

- Бераш,  къаьсттина стагехь мехала лоруш йерг х1ун йу те? И ца хилча кхин дисина г1иллакхаш, ламасташ цу стаге  лелалур доцуш?

*Къаьсттина мехала лоруш йерг стеган **догц1еналла** йу.*

*Цхьана воккхачу стагана а дайна, дог боьхачу стагехь товш а ца хуьлу йа г1иллакх йа оьздангалла.*

*Иза х1унда аьлла те цо?*

***И лицемери йолу дела аьлла цо иза.  (Лицемерие – МОТТАРГ1А йу)***